



Pou Piblikasyon Imedya: 02/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK KOMISÈ DOH LA POU PIBLIYE
ÒDONANS SEKSYON 16 LA BAY GOUVÈNMAN LOKAL ZÒN KI SANSIB AK
COVID-19 POU ASIRE KONFÒMITE NAN SANTE PIBLIK**

Lè gouvènman lokal yo pa respekte òdonans lan ak pa fè aplike règleman sante piblik yo, sa ka lakòz sanksyon jiska 10,000 dola chak jou

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Komisè Sante a pral voye yon òdonans bay gouvènman lokal zòn sansib ak COVID-19 yo jodi a pou etabli yon estrikti pou rapòte aktivite yo pou fè aplike lalwa epi etabli konsekans espesifik pou sila yo ki pa fè aplike Règleman Dijans Depatman Sante Eta a ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki gen rapò ak distans sosyal, konfòmite pou mask ak limit nan kapasite. Si gouvènman lokal yo pa fè aplike kondisyon ki legalman obligatwa sa yo, y ap vyole òdonans lan epi ka resevwa amann.

"Komisè Sante a pral pibliye yon òdonans Seksyon 16 bay gouvènman lokal yo pou konseye yo fè aplike konfòmite a, ki se lalwa, epi si gouvènman lokal yo pa fè apike konfòmite a, y ap an reyalite vyole lalwa epi yo ka resevwa amann. Mwen te mande gouvènman lokal yo pandan anpil fwa pou kenbe konfòmite toutbon", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Konfòmite se pa edikasyon piblik—se fè aplike lalwa. Moun yo konnen sa règ yo ye epi yo te tandè yo chak jou. Gouvènman lokal yo dwe fè aplike lalwa. Menm si li bon oswa pa bon pou pwogram politik yo, sa pa gen enpòtans. Se lalwa epi se travay yo pou fè aplike lalwa."

Pa respekte òdonans lan kapab lakòz sanksyon jiska 10,000 dola chak jou, dapre Seksyon 12-b Lwa Sante Piblik eta a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)